



Prevansyon CLABSI

Sante ak sekirite pitit ou a enpòtan pou nou. Ou ka fè yon diferans nan swen pitit ou a lè w poze kesyon epi patisipe aktivman.

Kisa CLABSI ye?

Yon enfeksyon san asosye ak katetè santral rive lè bakteri antre nan san an atravè yon katetè oswa tib nan yon venn.

Kisa tretman Chlorhexidine Gluconate ye ak ki jan yo ede anpeche CLABSI?

Tretman Chlorhexidine Gluconate (CHG), tankou Hibiclens, se ti sèvyèt antimikwòb oswa savon ke yo itilize pou touye mikwòb ak bakteri sou po a ki ka lakòz enfeksyon. Lè yo admèt pitit ou nan lopital la, li pral resevwa yon tretman CHG ak ti sèvyèt oswa savon chak jou. Mande founisè swen pitit ou a si w gen kesyon sou tretman CHG chak jou a.

Kisa ou ka fè pou ede anpeche CLABSI?

- Lave men w anvan w manyen, bay manje oswa kenbe pitit ou a. Lave men w apre w fin chanje kouchèt epi w fin manyen aparèy pèsònèl ou yo. Raple founisè swen yo pou yo lave men yo.
- Pa mete okenn rad, bijou, oswa lòt akseswa anba koud la epi evite zong long lè w ak pitit ou a. Kalite akseswa sa yo pa ka byen netwaye pa lavaj men regilye epi yo ka kenbe bakteri.
- Lè w kenbe pitit ou a, fè atansyon ak tib la epi asire w ke li pa rive atè.
- Evite manyen katetè santral la ak lòt tib ki sou pitit ou a. Mande founisè swen yo pou yo idantifye klèman katetè santral la sou tibebe w la epi asire w ke ou idantifye li pou vizitè yo. Mande vizitè yo pou yo pa manyen katetè santral la ak okenn lòt tib.
- Evite manyen pansman ak bandaj ki sou pitit ou a. Si pansman yo sot, vin mouye oswa sal, di founisè swen ou yo sa imedyatman.
- Mande founisè swen yo pou konbyen tan pitit ou a pral gen yon katetè santral epi si yo gen yon plan pou retire li.

Pale si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid konsènan katetè santral pitit ou a.